

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di tingkat SMP geus ditetepkeun yén siswa téh kudu ngawasa opat kaparigelan basa nyaéta ngaregepkeun, nulis, maca jeung nyarita. Kaparigelan maca mangrupa salasihiji kaparigelan basa anu kacida penting, sabab ku kagiatan maca manusa bisa meunangkeun élmu pangaweruh. Lamun rék nulis ogé dimimitian ku loba maca. Dina kahirupan jaman kiwari utamana siswa geus rada kurang kana minat macana, kitu deui kamampuh maca di sakola téh kacida penting sangkan siswa bisa leuwih nyaho informasi jeung meunangkeun élmu pangaweruh. Maca dina hakékatna nyaéta pikeun prosés visual jeung prosés narjamahkeun simbol tulis kana kekecapan lisan. Nurutkeun Tarigan (2015, kc. 7) maca mangrupa salasihiji prosés anu dilakukeun jeung digunakeun ku anu maca pikeun meunangkeun pesen anu rék ditepikeun ku panulis ngaliwatan média kekecapan atawa basa tulis. Kamampuh maca bisa diajarkeun ngaliwatan matéri ajar basa Sunda salasihijina nyaéta dongéng.

Dongéng mangrupa karya sastra anu ngandung unsur pamohalan. Dumasar eusina dongéng dibagi jadi sababaraha bagéan nyaéta 1) dongéng sasatoan, 2) dongéng sasakala, 3) dongéng babad, 4) dongéng jelema biasa, 5) dongéng mite, 6) dongéng pieunteungeun jeung 7) dongéng pamuk (Faturahman, 1983, kc. 5).

Dumasar KIKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMP/MTs Kelas VII, aya sababaraha matéri dina pangajaran maca anu kudu ditepikeun ka siswa, diantarana nyaéta maca dongéng anu kauger dina Kompetensi Dasar (KD) 4.5 anu unina “*Menyusun dan mengkomunikasikan dongeng yang disimaknya dengan memperhatikan struktur dan aspek kebahasaan, pelapalan dan lagu kalimat (lentong), serta ekspresi yang tepat*”.

Kompeténsi maca dongéng nyaéta ngaidéntifikasi struktur, fungsi sosial, aspék kabasaan, jeung ajén-ajén kahirupan anu aya dina dongéng sarta nyusun jeung nepikeun dongéng anu diregepkeun ku cara merhatikeun eusi, lafal, lentong,

sarta éksprési. Anapon fungsi sosial tina dongéng nyaéta mangrupa sarana pikeun nepikeun ajén-ajén kahirupan anu positif.

Kahéngkérangan pangajaran maca dongéng dipangaruhan ku sababaraha faktor nyaéta 1) siswa ngarasa horéam lamun maca dongéng sabab aya kekecapan anu teu dipikaharti ku siswa, 2) dongéng karasana ngabosenkeun atawa monoton, jeung 3) siswa kurang parigel dina maca ngagunakeun basa Sunda.

Umumna, stratégi pangajaran anu digunakeun ku guru sok monoton. Guru kudu rancagé dina milih stratégi pangajaran anu cocog, sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal, jeung bisa ngahudangkeun karesep atawa minat diajar siswa kana basa Sunda. Ku lantaran kitu, perlu aya tarékah pikeun ngungkulan éta masalah, salasihiji stratégi pangajaran anu dianggap bisa ngaronjatkeun kamampuh maca hususna dongéng nyaéta stratégi pangajaran SQ3R (*Survey, Question, Read, Recite, Review*).

Nurutkeun Huda (2014, kc. 244) SQ3R mangrupa stratégi pamahaman anu ngarojong siswa mikir ngeunaan téks anu keur dibaca. Sering pisan dikatégorikeun pikeun stratégi diajar, SQ3R ngarojong siswa meunangkeun hiji hal nalika mimiti siswa maca téks. Pikeun guru, SQ3R ngabantu pikeun ngaping siswa kumaha cara maca anu éféktif. Dina prinsipna léngkah-léngkah SQ3R nyaéta 1) *survey*, 2) *question*, 3) *read*, 4) *recite*, jeung 5) *review*. Ieu stratégi pangajaran sering digunakeun dina prosés diajar hususna dina pangajaran maca.

Kaonjohan stratégi pangajaran SQ3R nyaéta 1) ku ayana tahap *survey* dina mimiti pangajaran, ieu hal nimbulkeun kapanasaran siswa ngeunaan matéri anu baris dipedar pikeun ngaronjatkeun motivasi siswa dina diajar, 2) siswa dipaparin kasempetan pikeun nanya tuluy ngajawab patalékan ku cara ngalaksanakeun kagiatan maca, ku kituna bisa ngarojong siswa pikeun mikir anu kritis jeung aktif dina diajar, jeung 3) siswa bisa nyangkem matéri dina waktu anu leuwih lila (Riadi, 2013).

Saméméhna geus aya sababaraha panalungtikan ngeunaan stratégi pangajaran SQ3R nyaéta Tri Ratih Mulyaningsih (2015) “*Penerapan Metode SQ3R (Survey, Question, Read, Recite, Review) Untuk Meningkatkan Kemampuan Membaca Pemahaman di Kelas IV*”. Salian ti Mulyaningsih, aya ogé anu ditulis Yunisa Oktaviani (2014) “*Metode SQ3R (Survey, Question, Read, Recite, Review) Untuk*

**WINDI BUDI GUSDANI, 2019**

**STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)**

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Meningkatkan Kemampuan Membaca Cepat Cerita Anak Bahasa Indonesia di Sekolah Dasar Negeri 2 Cibodas: Penelitian Tindakan Kelas Pada Siswa Kelas V Semester II Di SD Negeri 2 Cibodas Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat Tahun Ajaran 2013/2014*". Satuluyna, aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Satris Juniati (2017) "Penerapan Metode Pembelajaran SQ3R Untuk Meningkatkan Kemampuan Membaca Pemahaman Siswa Kelas IV SD".

Aya bédana antara panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan, nyaéta dina panalungtikan saméméhna ngagunakeun basa Indonesia, métodeuna ngagunakeun *Penelitian Tindakan Kelas* (PTK) jeung dilaksanakeun di SD, sedengkeun ieu panalungtikan ngagunakeun basa Sunda, métodeuna ngagunakeun kuasi ékspérimén jeung panalungtikanna dilaksanakeun di SMP.

Ieu panalungtikan penting dilaksanakeun lantaran ieu stratégi dianggap bisa ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng pikeun siswa kelas VII SMP, sabab kurangna minat maca siswa dina maca dongéng ngagunakeun basa Sunda. Saumpama ieu panalungtikan teu dilaksanakeun, siswa bakal ngarasa bosen jeung ngarasa horéam diajar ngeunaan matéri maca dongéng, sabab guru ngagunakeun stratégi pangajaran anu monoton. Ku kituna, ieu stratégi bisa ngabantu guru ngaping siswa kumaha cara maca anu éféktif.

Ku kituna, dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, perlu ayana panalungtikan ngeunaan pangajaran maca dongéng di SMP ngaliwatan studi kuasi ékspérimén anu judulna; STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (*SURVEY, QUESTION, READ, RECITE, REVIEW*) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019). Alesan milih ieu judul panalungtikan sabab stratégi pangajaran SQ3R can kungsi dilarapkeun dina matéri ajar basa Sunda nyaéta maca dongéng, mémang aya ogé anu nalungtik pangajaran maca dongéng, tapi henteu ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R. Ku kituna, panalungtik ngarasa kairut pikeun nalungtik ieu masalah.

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

WINDI BUDI GUSDANI, 2019

STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (*SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW*) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (*Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019*)

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan, baris dipedar saperti ieu di handap.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu diidéntifikasi nyaéta ieu di handap.

- a. Kurangna kamampuh maca dongéng siswa ku sabab aya kahéngkérana dina maham kekecapan anu aya dina dongéng, dongéng karasana ngabosenkeun atawa monoton, jeung siswa kurang parigel dina maca ngagunakeun basa Sunda.
- b. Stratégi pangajaran SQ3R kurang dilarapkeun dina matéri basa Sunda, utamana dina pangajaran maca dongéng. Stratégi pangajaran SQ3R dianggap bisa jadi salasihiji stratégi pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R?
- b. Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R?
- c. Naha aya bédana antara kamampuh maca dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung pasualan anu geus dipedar di luhur, tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho aya bédana atawa henteu kaparigelan maca hususna dina matéri maca dongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R.

**WINDI BUDI GUSDANI, 2019**

*STRATÉGI PANGAJARAN SQ3R (SURVEY, QUESTION, READ, RECITE REVIEW) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA DONGÉNG (Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019)*

Univeristas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R.
- b. Kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R.
- c. Bédana kamampuh maca dongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa miboga pangaweruh ngeunaan basa Sunda, sarta kudu ngawasa kana pangajaran maca. Kitu ogé kudu ngajembaran pangaweruh ngeunaan stratégi pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran maca dongéng. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kréatifitas guru dina ngagunakeun stratégi pangajaran sangkan teu *monoton*. Salian ti éta dipiharep ogé bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh maca siswa dina nyangkem pangajaran di sakola, sarta bisa ngaronjatkeun minat pikeun leuwih resep diajar basa Sunda.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Anapon mangpaat praktis anu bisa dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. pikeun siswa, sangkan leuwih resep tur sosen-sosen dina maca matéri basa Sunda hususna dongéng;
- b. pikeun guru, bisa jadi bahan évaluasi/ngajén kana prosés diajar ngajar basa Sunda, utamana dina pangajaran maca dongéng, sarta guru bisa leuwih kréatif jeung inovatif dina nepikeun matéri maca dongéng hususna ngagunakeun stratégi pangajaran SQ3R; jeung
- c. pikeun anu nalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh anu patali jeung stratégi pangajaran SQ3R.

## 1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi, raraga tulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Ulikan pustaka anu ngawengku strategi pangajaran, strategi pangajaran SQ3R, wangenan strategi pangajaran SQ3R, kaonjoyan jeung kahéngkérangan strategi pangajaran SQ3R, mangpaat strategi pangajaran SQ3R, léngkah-léngkah strategi pangajaran SQ3R, konsép maca, wangenan maca, fungsi maca, tujuan maca, mangpaat maca, rupa-rupa maca, dongéng, wangenan dongéng, papasingan dongéng, unsur-unsur dongéng ciri-ciri dongéng, pangajaran maca dongéng dina KIKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMP/MTs Kelas VII, ambahan bahan ajar basa Sunda dina pangajaran maca dongéng, strategi SQ3R dina pangajaran maca dongéng, sarta panalungtikan saméméhna.

Bab III Métodologi Panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung uji sipat data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu ngawengku kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun strategi pangajaran SQ3R, kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun strategi pangajaran SQ3R, analisis béda signifikan kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-A SMP Indonesia Raya Bandung Taun Ajar 2018/2019 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun strategi pangajaran SQ3R jeung pedaran hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi pikeun panalungtik anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.